ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№169 (23.077) ● 2015 гъэ фокIадэм (сентябрым) и 3, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и Iуэхук1э

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

**Зэфlэкl лъагэ къыщагъэлъагъуэ спортым зегъэужьынымкlэ иlэ фlыщlэхэм папщlэ**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын**

**Габрилян Геннадий Гарик и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и командэ къыхахэр спорт и лъэныкъуэкIэ гъэхьэзырынымкIэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм атлетикэ псынщIэмкIэ и тренерым;

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщын**

**Кучинэ Марие Александр и пхъум** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и командэ къыхахахэр спорт и лъэныкъуэкIэ гъэхьэзырынымкIэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм атлетикэ псынщIэмкIэ и спортсменым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм шыщхьэуIум и 31-м*
*№121-УГ*

## УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Меликов Сергей КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ къазэрехъуэхъур

**ПщIэ зыхуащI Юрий Александр и къуэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуащIхэ!**

Урысейм хэт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Республикэм Iуэху куэдкIэ гъэнщIа тхыдэ иIэщ абы щыпсэухэм яхэлъ патриотизмэмрэ Урысейр гу къабзэкIэ фIыуэ зэралъагъумрэ къигъэлъагъуэу.

Кавказ Ищхъэрэм Iуэху щызэрахьэ, турист, щэнхабзэ центру щыткIэрэ, ноби Къэбэрдей-Балъкъэрым къегъэлъагъуэ зэщIэгъэуIуауэ зызыужь щIыналъэм и щапхъэ. Уегъэгуфlэ жылагъуэм зэрыпыщIам зегъэубгъуным, щIалэгъуалэ политикэмрэ патриот гъэсэныгъэмрэ я IэнатIэхэм зегъэужьыным, псэуныгъэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным егъэщIылIа Iуэхухэм щабгъэдыхьэкIэ республикэ властхэм жыджэрагъ къызэрагъэлъагъуэм. Си фIэщ мэхъу республикэм и унафэщIхэр, жылагъуэр, бизнесыр зэкъуэту зэрызэдэлажьэм и фIыгъэкIэ щIыналъэм и лъэщагъым зэрыхэхъуэнур. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр сыт щыгъуи щытынущ ущыпсэуну икIи ущылэжьэну тынш щIыпIэу.

Си гум къыбгъэдэкIыу си гуапэщ, ныбжьэгъухэ, мамырыгъэрэ фIыгъуэрэ, цIыху насып нэс фиIэну. Дэтхэнэ цIыхуми и ехъулIэныгъэр фи зэхуэдэ унэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр - зэщIэгъэгъэным хуищIа хэлъхьэныгъэу иреув!

**Пятигорск къалэ**

## БлэкIам пщIэ хуащI

КъБР-м и Къэралыгъуэм, Налшык къалэм, ЩIэныгъэм я махуэхэм ди республикэм Iуэху гуапэ куэд щекIуэкIащ. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и утым деж щрагъэжьа дауэдапщэм зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, жылагъуэ, профсоюз зэгухьэныгъэхэм, дин IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр щызэхуэсат.

Ди республикэм Урысей Федерацэм хуиIэ пыщIэныгъэ быдэм и фэеплъым, блэкIам хуащI щIыхьыр къагъэлъагъуэу, удз гъэгъахэр тралъхьащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**, Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм, дин лэжьакIуэхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэм, школакIуэ цIыкIухэмрэ студентхэмрэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**





# Ягъэлъэгъуэнрэ зыхагъэдэнрэ я мащIэтэкъым





**ФокIадэм и 1-м дызыхэта гуфIэгъуэ зэIущIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ къулейм Iуэхугъуэ дахэу хыхьащ. Абыхэм ящыщщ республикэм и Къэралыгъуэм хуагъэхьэзыра «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - нобэ» зыфIаща мэкъумэш-промышленнэ гъэлъэгъуэныгъэр. ХьэтIэхъущокъуэм и жыг хадэм цIыхур щыIувт. Ахэр хуэпIащIэрт абы и гъуэгу бгъуфIэшхуэм зэщIэкъуауэ щаукъуэдия гъэлъэгъуэныгъэм еплъыну. Сабийхэми балигъхэми я гукъыдэжыр къиIэту, Iуэху гуапэкIэ зэрызэхыхьэм и нэщэнэ угъурлыуэ, дунейри уэфI дахэт, гуфIэгъуэм хэтхэм закъыдищI нэхъей, дыгъэри псэгъэтыншу и бзий нурыбэмкIэ щIылъэм къетэрт.**

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр - нобэ» зыфIаща мэкъумэш-промышленнэ выставкэм хэтхэмрэ республикэм и щIыналъэхэм я пщыIэхэмрэ шэджагъуэм нэмысу я пIэм изэгъат. Сыт щыгъуи хуэдэу, гъэлъэгъуэныгъэр хуабжьу зэмылIэужьыгъуэт, къулейт икIи щIэщыгъуэт. IуэхущIапIэшхуэхэм, хьэрычэтыщIэхэм, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэм, фирмэ зызыужьахэмрэ нэхъ цIыкIухэмрэ я IэдакъэщIэкIхэм нэр ягъэгуфIэрт.

Зытраухуа пIалъэм, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий я пашэу, республикэм и унафэщIхэр выставкэм хэтхэм яхуеблэгъащ, ди деж къыщыщIагъэкI ерыскъыхэкIхэр, хьэпшыпхэр, Iэмэпсымэхэр зыхуэдэм зыхагъэгъуэзащ, техникэ зэмылIэужьыгъуэхэм дихьэхыу еплъащ. Экологие и лъэныкъуэкIэ зэрыкъабзэм, фIагъым и пщалъэм къызэритIасэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэрахьэ хадэхэкIхэм, пхъэщхьэмыщхьэм, щагъэхьэзыр фIэIугъэхэм, IэщхэкIхэм, нарзаныпсхэм, IэфIыкIэхэм, нэгъуэщI куэдхэми щIэупщIэ яIэщ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, «Налшык консерв завод» ООО-р. Банкым иралъхьэ горохыр, нащэр, помидорыр, къэбыстэр, пхъыр, жэгундэр езыхэм я къарукIэ къагъэкIыж. Абыхэм я фIагъыр Мэзкуу щрагъэкIуэкI «Бжьыхьэ дыщафэ» агропромышленнэ выставкэм къыщалъытащ, дипломхэр къыщыхуагъэфэщащ.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щIыпIэм лэжьэкIэщIэхэм щытогушхуэ. А жэрдэмхэр республикэм и унафэщIхэм къыдащтэ икIи щыдаIыгъ. Аруан щIыналъэм зыщызыужь «АКАЭМ» ООО-р абыхэм ящыщщ. Гъэм и лъэхъэнэм тещIыхьауэ, а жыг хадэм къыщрахьэлIэ пхъэщхьэмыщхьэр къэралым и щIыпIэ куэдым къыщацIыху. Езым и хъумапIэ зиIэж «Фрукт-Трейд» ООО-м и зэфIэкIым хохъуэ. Жьэгъущ1эс щIыпIэм абы щиIыгъ жыг хадэм мыIэрысей лIэужьыгъуэ пщыкIуплI щызэрахьэ, илъэс къэси пхъэщхьэмыщхьэ бэв къыпачыж. Я хъумапIэр тонн минитхум хуэщIат, иджырей Iэмэпсымэ нэхъыфI дыдэхэмкIэ гъэпсащи, хуейхэм хуогъэтIылъэ сок къабзэхэр, мыIэрысэ чипсхэр егъэхьэзыр. Обществэм и IэдакъэщIэкI псоми «Миариса» дамыгъэ яIэщ. Выставкэм еплъахэр абыхэм щытхъуащ.

«Къэрэгъэш гъэш завод» ООО-р Урысей Ипщэм и предприятэ нэхъ лъэрыхь дыдэхэм ящыщщ. 1996 гъэ лъандэрэ зыдэлажьэхэм я дэрэгъу пэжу къогъуэгурыкIуэ. Май, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм щыIэ «Ленинцы» СХПК-р, «Светловодскэ» гъэш комбинатыр, «Прохладнэ» ООО-р нэгъуэщIхэри нэхъ хуэмыхукъым. Абыхэм я гъэшхэкIхэм фIагъ лъагэ зэраIэр мы выставкэм аргуэру щагъэнэIуащ. Дапщэщи хуэдэу, «Къэббалъкърэсурсхэр», «Велес-Агро», «Жако», Шэджэм щIыналъэм и «Молочник», «Юг-Агросервис» ООО-хэр, «Налшык хьэлвэ завод» ОАО-р, нэгъуэщIхэри мы Iуэхум жыджэру хэтащ.

Выставкэм щагъэува хьэпшыпхэр, Iэмэпсымэхэр, техникэ пкъыгъуэхэр хуабжьу зэмылIэужьыгъуэт. «Бахъсэн Автозапчасть завод» ОАО-м тхыдэ къулей иIэщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм щIэупщIэ зэраIэм и щыхьэтщ «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» зэпеуэм, нэгъуэщI зэхьэзэхуэхэм мызэмытIэу зэрыщытекIуар. Псалъэм папщIэ, «Кавказ Ищхъэрэ - 1999» фестивалым медалрэ дипломрэ къыщыхуагъэфэщащ, «Женевэ-2001» еплъыныгъэм и дыщэ дамыгъэр, 2003 гъэм къигъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ, промышленностым и щIэгъэкъуэн Франджы къэрал зэгухьэныгъэм и «Дыщэ медаль SPI»-р кърATащ, 2004, 2005, 2007 гъэхэм «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIу 100» зэпеуэхэм бжьыпэр щиубыдащ. И хьэрхуэрэгъухэм ехьэехуэу, «ВАЗ», «ГАЗ», «УАЗ», «Москвич», «ЗИЛ», «КАМАЗ», «ПАЗ», «МАЗ», «ЛИАЗ», «Икарус», «ГАЗель», «Соболь» автомашинэхэм, хамэ къэрал транспортым я глушителхэмрэ разонаторхэмрэ ЕВРО-3, ЕВРО-4 экологие пщалъэхэм къитIасэу зэпкъралъхьэ.

***(КIэухыр 2-нэ нап.).***





*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## КIуэкIуэ Юрийрэ «Урысей ипподромхэр» ОАО-м и унафэщI Исаков Николайрэ зопсалъэ

КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыIущIащ «Газпром межрегионгаз» ОАО-м хыхьэ «Урысей ипподромхэр» ОАО-м и унафэщI Исаков Николай. Абыхэм я гулъытэ нэхъыщхьэр хуэгъэзауэ щытащ «Газпромыр - сабийхэм» программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпхыгъэкIыным, Налшык ипподромым и мылъкур зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным, республикэм и щIыналъэм иджырей гъэсапIэ центр къыщызэIухыным.

ЗэIущIэм щхьэхуэу къыщыхагъэбелджылыкIащ Налшык ипподромым зегъэужьыным щIыналъэм туристхэр къешэлIэн и лъэныкъуэкIи зэрыщыту шы спортыр дэIыгъынымкIи мыхьэнэшхуэ зэриIэр.



## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хуэзащ Дунейпсо Ислъам IуэхущIапIэм и тхьэмадэ ПщыхьэщIэ Шафихь



Дыгъуасэ Правительствэм и Унэм КIуэкIуэ Юрий лэжьыгъэ IуэхукIэ щыхуэзащ Дунейпсо Ислъам IуэхущIапIэм и тхьэмадэ ПщыхьэщIэ Шафихь. КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ жылагъуэ гъащIэм, псоми я зэхуэдэ лъапIэныгъэхэр зэфIэгъэувэным, цIыхухэм диным хуаIэ фIэщхъуныгъэм пщIэ хуащIу щIэпIыкIыным ехьэлIауэ дин IуэхущIапIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. КIуэкIуэ Юрий жиIащ лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэнымкIэ я къарухэр зэщIэгъэуIуэным я телъхьэу зэрыщытыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым диным ехьэлIа щытыкIэр зэрыщытэмэмыр къилъытэри, ПщыхьэщIэ Шафихь КъБР-м и властхэм я IэнатIэхэм фIыщIэ яхуищIащ диным, дин IуэхущIапIэхэм я гугъуехьхэр зэрыдагъэкIым къыхэкIыу. Къапщтэмэ, иужьрей илъэсхэм япэ дыдэу дин щIэныгъэ куу зрагъэгъуэтын папщIэ Iэмалхэр къызэрагъэпэщащ. Абу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Ислъам университетым 2014 гъэм иратащ Налшык и курыкупсэм щыIэ къатиплIу зэтет унэр. ПщыхьэщIэ Анас-хьэжы (КъБР-м и Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и унафэщIу щыту IэщэкIэ зэщIэуэзэда щIэпхъаджащIэхэм 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м яукIащ) и цIэр зыфIащыну мэжджытыщIэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

«Ди дежкIэ къалэн нэхъыщхьэр, - жиIащ ПщыхьэщIэ Шафихь, - гупсысэ дыкъуакъуэхэм ислъамыр къыIэщIэгъэкIыныр щ, лъапIагъ пэжхэмрэ фэрыщIхэмрэ зэхагъэкIынымкIэ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъуныр щ».

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## КъБР-м и Iэтащхьэр IущIащ атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо зэпеуэм щытекIуа Кучинэ Марие

Атлетикэ псынщIэмкIэ дунейпсо чемпионату 2015 гъэм шыщхьэуIум и 29-м Пекин щекIуэкIам Прохладнэ щыщ Кучинэ Марие япэ бгъэдыхьэгъуэкIэ метри 2,01-рэ хъу лъагапIэм щхьэпрылъащ икIи дыщэ медалыр къыхьащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм 2015 гъэм шыщхьэуIум и 31-м къыдигъэкIа УказымкIэ Кучинэ Марие «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIащащ, абы и гъэсакIуэ Габрилян Геннадий Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр иратащ.

«Сэ сыщогуфIыкI, - къыхигъэщхьэхукIащ Кучинэ Марие, - дунейм и чемпионатым сызэрыщытекIуам къыздэщI урысей цIыхухэм икIи, дауи, си лъахэгъухэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм, апхуэдизу гуапэ зэращыхъуам».



## НОБЭ

♦**Терроризмэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Беслъэн къалэм къыщыхъуа терактым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**Молдовэ Республикэм и лъэпкъ армэм и махуэщ**

♦1612 гъэм Пожарский Дмитрий польшэдзэм текIуащ.

♦1826 гъэм Николай Езанэр Урысейм и пащтыхьу зэрагъэувым и нэщэнэу тажыр щхьэратIэгъащ.

♦1939 гъэм Инджылызымрэ Франджымрэ я правительствэхэм унафэ къащтащ фашист Германием зауэ зэрыращIылIэм теухуауэ.

♦1947 гъэм пащэжащ Ленинград и метрополитеныр ухуэныым. А лэжьыгъэхэр зэпагъэуауэ щытащ зауэ зэманым.

♦КъБР-м и къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу щыта **Дохъущокъуэ Мусэ** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Гугъуэт Лол** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **БжэIумых Хьид** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Литературэдж, тхакIуэ, КъБКъУ-м и доцент **Абазэ Албэч** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Зудинэ Маринэ** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Аргъынэ кIыхьыр и жагъуэщ, шынакъ кIы гъуанэр и щIасэщ.**

## «Спартак-Налшык» - «Ангушт» (Нэзрэн) - 2:0

● **Футбол**

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ, вэсэпшыхь Налшык щыIа зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» и текIуэныгъэкIэ 2:0-у иухащ. Ди щIалэхэм ящыщу топхэр дагъэкIащ Каркаев Алимрэ ЛIуп Ислъамрэ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Ангушт»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэр зэрекIуэкIамрэ зи чэзу джэгугъуэм иужькIэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**







# Ягъэлъэгъуэнрэ зыхагъэдэнрэ я мащІэтэкъым

*(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).*

Ленин орден зезыхьэ «Прохладнэ» ремонт-механикэ заводым 1 ПТС-2,5, 2 ПТС-4,5, 2 ПТС-5,0, 2 ПТС-6,0, 2 ПТС-4,5у, 2 ПТС-5у езыр-езыру зызыгъэпкІ, мэкъу шыхьахэр, силосыр, сенажыр, зэрагъэІэпхъуэ трактор прицепхэр, пхъэІэщэхэр, къитхъхэр, пхъэщхьэмыщхьэ хадэм къыщагъэсэбэп техникэр, нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэри къыщІегъэкІ. Къыхэгъэщыпхъэщ предприятэм и ІэдакъэщІэкІхэр 2013 гъэм «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІу 100» зэпеуэм зэрыщытекІуар. Ахэр зыхуэдэм, я ефІэкІыныгъэхэм, шэрхъ дискхэм я Pronar-Nalchik инвестицэ проектыр зэрагъэзащІэ щІыкІэм выставкэм кІуахэр хагъэгъуэзащ.

КІапсэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыгъэхьэзыр «Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-р предприятэ лъэрызехьэщ. Абы и лІыкІуэхэм зэрыжаІамкІэ, иужьрей илъэсхэм предприятэм и зэфІэкІым хэпщІыкІыу хэхъуащ. Къэралым и экономикэм увыпІэшхуэ щызыІыгъ «ЛУКОЙЛ», «Роснефть», «Сибнефть», «ТНК-ВР Холдинг», «МПС» ІэнатІэшхуэхэм, нэгъуэщІхэми жыджэру ядолажьэ. Езы заводыр «Электрокабель» ассоциацэм хэтхэм я нэхъыфІхэм ящыщу къалъытэ. Абы и щыхьэтщ зэхьэзэхуэ куэдым бжьыпэр зэрыщиубыдар. Псалъэм папщІэ, «Урысейм и хьэпшып нэхъыфІу 100» лъэпкъ программэ-зэпеуэм и дипломхэр, Америкэн - Урысей сату-промышленнэ палатэм, нэгъуэщІхэми я медалхэр къызэрыхуагъэфэщар, «Урысейм и предприятэ нэхъыфІу 1000» зэхьэзэхуэм и лауреат зэрыхъуар. Гъэлъэгъуэныгъэм къыздашат я иужьрей ехъулІэныгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэмрэ сурэтхэмрэ.

«Станокухуэ завод» ОАО-м къыщІигъэкІ Іэмэпсымэхэм я фІагъымрэ я мыхьэнэмрэ щІыпІэ Іэджэм къыщалъытащ. Нэзхэм зэрелэжь, ахэр захуэ дыдэу къызэракІухь МКО-1.10М, МКО-3.10 и станокхэм щхьэкІэ, Урысейм и ІуэхущІапІэ нэхъыфІ дыдэхэм хабжэри, «И ІэдакъэщІэкІым фІагъ лъагэ зэриІэм папщІэ» дипломыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Мы выставкэм къыздашащ блын блокхэр (туфыр) зэрагъэж къупхъэ зэмылІэужьыгъуэхэр, раствор зэрызэхащІэ СБА-600, ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп УПБ-1 Іэмэпсымэхэр. «Налшык вольт лъагэ Іэмэпсымэ завод» ОАО-м Мэзкуу щыІэ Урысейпсо электротехникэ институтым иджыблагъэ щагъэунэхуа и ІэдагъэщІэкІхэр игъэлъэгъуащ. Токыр зэрыІуач ІэмэпсымэщІэхэм я щытыкІэм, я лэжьэкІэм, зытещІыхьам еплъахэр хагъэгъуэзащ. Абыхэм рынокым щІэупщІэ щаІэщ, хамэ къэралхэм къэрашу щытахэм я пІэкІэ къагъэсэбэпынущ.

Апхуэдэу «Тэрч налмэс завод» ОАО-м, «Севкаврентген-Д», «Капитал-Инвест» ООО-хэм, нэгъуэщІ ІуэхущІапІэхэми я продукцэхэмрэ я къэхутэныгъэщІэхэмрэ ягъэлъэгъуащ. ІэпщІэлъапщІэхэм, республикэм и сурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм выставкэ къызэрагъэпэщащ, художественнэ самодеятельнэ гупхэм гъэмахуэ театрым и сценэм «Зэныбжьэгъуныгъэм и удз гъэгъа Іэрамэ» зыфІаща концерт щагъэлъэгъуащ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**





# Хэкур псэм и лъахэщ

<ins>«**ЩІым ептыр къуетыж**», - **жиІащ пасэрейм. Апхуэдэу зи Хэку зыІэтыр езыри нэхъ лъагэ мэхъу, къыщыхъуа, зыпІа лъахэм хуэпэжу зэрыщытым къыхэкІыу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыгухэри цІыхухэри зэрыжумартыр абы къыхуеблагъэхэм къыхагъэщ зэпытщ. Псом хуэмыдэу апхуэдэ псалъэ гуапэхэр щызэхэпх куэдрэ къохъу щІыналъэм и къэралыгъуэр щагъэлъапІэ фокІадэм и 1-м. А махуэм республикэм хьэщІэхэр къыхуоблагъэ, и Іуэхур даІыгъыу, гуфІэгъуэ зэхыхьэхэм хэтмэ яфІэфІу**.</ins>

МЫ ГЪЭМИ Налшык къалэ Іуэхугъуэ куэд гъэщІэгъуэну къыщаІэтащ. ХьэтІэхъущокъуэм и жыг хадэм уихьэн фІэкІа нэхъ хъуэпсэгъуэ щыІэтэкъым. Илъэс къэси хуэдэу, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр абы къыщызэрагъэпэщат, лъэпкъ шхыныгъуэхэм, сурэт щІыным, нэгъуэщІхэми ехьэлІауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызиужьым и щыхьэтщ абы щылажьэ ІуэхущІапІэхэм я зэфІэкІым хагъахъуэу, ІэмалыщІэхэр къагъэсэбэпу зэрыщытыр. Налшык и «Горзеленхоз»-м зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэщІэхэм щыгъуазэ дыщыхъуащ ІуэхущІапІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэшхуэм и щІыхькІэ къызэригъэпэща выставкэм. Апхуэдэу абы иджы дыдэ, шыщхьэуІум и 26-28-хэм Москва щекІуэкІа «Удз гъэгъахэр» XXII дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм дыщэ, жэз медалхэр кърихащ. Іуэхум дыхегъэгъуазэ «Горзеленхоз»-м и зы къудамэм и унафэщІ Хуламханов Залым: «Удз гъэгъахэр - 2015» зэпеуэ-гъэлъэгъуэныгъэм мы гъэм хэтащ хамэ къэралхэм щыщ ІуэхущІапІэ 20-рэ урысейм щылажьэ companиеу 170-рэ. Дэ ди къэкІыгъэхэр ІыхьитІым щыдгъэлъэгъуати, я фІагъ елъытауэ зэпеуэм и дыщэ медалыр къытхуагъэфэщащ, «Экспозицэхэм я дизайнымкІэ» жэзыр къэтхьащ. Ди гуапэ хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэшхуэм ирихьэлІэу апхуэдэ тыгъэ къызэрытхьыфар. Налшык и «Горзеленхоз»-р ноби нэхъыбэу къызэрацІыхур къэдгъэкІ псей щхъуантІэхэрщ, ауэ абы и лІэужьыгъуэ адрей жыгхэми къэкІыгъэ хьэлэмэтхэми щІэупщІэ яІэщ. «Горзеленхоз»-м и лэжьакІуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым дохъуэхъу и махуэшхуэмкІэ, зэпымычу гъагъэу, щІэращІэу щытыну ди гуапэщ».

Чэщей, уэздыгъей, щІамий, къуэрэдэрэ лІэужьыгъуэхэм, нэгъуэщІ къэкІыгъэ гъэщІэгъуэн куэдми налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ хагъаплъэрт КъБР-м и «Декоративные культуры» мэкъумэш ІуэхущІапІэми «Аирус» сад центрми. Мыбыхэм ягъэкІхэр уасэ езэгърабгъукІэ ящэрти, цІыхухэм гукъыдэж яІэу зыІэрагъэхьэрт.

Іуэхугъуэхэм нэхъ нэжэгужэу ухагъаплъэрт лъэныкъуэкІэ къыщыІу уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ. «Амикс» гупым хэт щІалэхэм, Апэнэс Астемыр, нэгъуэщІ ди уэрэджыІакІуэхэми ягъэбжьыфІэрт концертыр. Гуапэ тщыхъуащ абы зыкъыщигъэлъэгъуэну, я макъамэхэмкІэ республикэм и махуэшхуэхэр ягъэдэхэну илъэс 30 хъуауэ зэхэт «Курп пшэплъхэр» лъэпкъ ансамблыр къызэрырихьэлІар. Балалайкэ макъамэ Іэмэпсымэм еуэ ди нэхъыжьыфІхэм Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ.

...ХьэтІэхъущокъуэм и жыг хадэм ПащІэ Бэчмырзэрэ Мечиев Кязимрэ я фэеплъым хуэкІуэ и лъагъуэм щрагъэувэкІа шатырхэм зыщыпплъыхьмэ, абыхэми нэм фІэдэхэн, псэм зыхищІэн дахагъэ Іэджэ щыІэт. Ахэр я ІэрыкІт республикэм и сурэтыщІ, сурэттех цІэрыІуэхэм, декоративно-прикладной гъуазджэм и ІэпщІэлъапщІэхэм. «Арт-коллаж» творческэ гупым сурэт щІынымкІэ цІыкІухэм зэхьэзэхуэ къахузэригъэпэщащ, къэпщытакІуэхэм нэхъыфІу къалъытэ лэжьыгъэхэр «Тхылъ плъыжьыр - сабийхэм я нэкІэ» зыфІащыну тхылъ цІыкІум хагъэхьэнущ.

ФокІадэм и 1-м Іуэхугъуэ куэд щызэхэухуэнат. Москва къикІа «Мадхура» шоу-театрым игъэлъэгъуащ КъуэкІыпІэмрэ Индиемрэ я щэнхабзэм ехьэлІа фестиваль хьэлэмэт. Индие лъэпкъ къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ гушыІэр ящІыгъужти, артистхэр ди цІыхухэм ягу дыхьащ. ЩІэныгъэм и махуэри Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэшхуэм хэгъуащэртэкъым, сыту жыпІэмэ цІыкІуми инми зэрызаужьын, я къэухьыр зэрыхэхъуэн Іуэхугъуэхэри республикэ унафэщІхэм къалъытауэ щытти. «Мадхура» гупым зэхьэзэхуэ щхьэпэхэри иригъэкІуэкІащ, джэгукІэ хьэлэмэтхэри къызэригъэпэщащ. «Уахътыншэр сыт, дунейра хьэмэ псэра?» - щыжаІэм, къызэхуэсахэм зы жьэу къыхагъэщащ ар псэрауэ зэрыщытыр. Зы хъыджэбз цІыкІум зыхуэзгъэзащ адрейхэми щІыгъуу жэуап итар къызыхихар зэпкърезгъэхыну. И ныбжь емылъытауэ, абы губзыгъэу жэуап къитат: «Дунейми, адрей щІэдзапІэ зиІэ псоми хуэдэу, кІэух иІэщ. Абы зэпымыууэ зехъуэж: зэм зэтокъутэ, зэми къощІэрэщІэж. Псэращ зыуэ къанэр, зызымыхъуэжыр». Гуапэщ гупсысэ куу зиІэ апхуэдэ щІэблэ ди курыт школхэм зэрыкІуэр...

* * *

НАЛШЫК къалэ и щІыпІэ администрацэм цІыхухэр зыпэплъа Іуэху дахэ тыгъэ яхуищІащ республикэм и къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапІэм. Налшык модэмрэ дахагъэмрэ я щыхьэр хъуат зы пщыхьэщхьэм. Лермонтовым и уэрамым щрагъэкІуэкІа зэхыхьэм апхуэдизкІэ куэд дыдэ къекІуэлІати, увыпІэрэ цІыху Іувым пхырыплъыпІэрэ къэбгъуэтыну гугъу дыдэт. Дэтхэнэми фІэгъэщІэгъуэнт дизайнерхэм дызыхагъэплъэну я лэжьыгъэхэр.

ІэщІагъэм щыхыумыщІыкІым, ущримылажьэм и деж (иджыпсту зи гугъу тщІыр модельер-дизайнерхэм я ІуэхущІафэрщ), лэжьыгъэм и фІагъыр къызэрыппщытэр уигу дыхьэкІэщ е уигу иримыхькІэщ. Абы къыхэкІыу хъуа-мыхъуам, тфІэдэха-тфІэмыдахам дыкъытеувыІэным мыхьэнэ хэслъагъуэкъым. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Налшык подиум»-р дахэу екІуэкІащи, абы кърихьэлІахэм фІыщІэ хуащІ абы и къызэгъэпэщакІуэхэм.

Япэу и щыгъыныгъуэхэр утыку кърихьащ Абхъаз Республикэм къикІа модельер-дизайнер Хьэтщыкъуэ ФатІимэ. Абы игъэлъэгъуахэр европей жыпхъэм тет бостейхэрамэ, къыкІэлъыкІуэ дизайнерым (Байрамуковэ Зейнаф) дызыхигъэплъар лъэпкъ фащэ теплъэ яІэу къигъэщІэрэщІэжа фэилъхьэгъуэхэрщ. «Иджырей зэман хуитым уи зэфІэкІыр щыгъыным къыщыщыбгъэлъэгъуэфмэ, хуит укъищІу къысщохъу лъэпкъ дамыгъэхэр, пкъыгъуэ гуэрхэр нобэрей фащэхэм тедгъэзэгъэну», - арат и гупсысэу щытар Байрамуковэ Зейнаф игъэлъэгъуа бостейхэм щелэжьым.

Апхуэдэ щІыкІэ яІэт Бэгъэш Саидэрэ Гугъуэт Марьянэрэ зэдагъэхьэзыра «Дахэнагъуэ» коллекцэми. Абыхэм къакІэлъыкІуэу я бостей лІэужьыгъуэхэр модель хъыджэбзхэм утыку кърагъэхьащ 2013 гъэм КИФЩІ-м и дизайнер нэхъыфІ хъуа, зэхьэзэхуэ куэдым щыпашэу щыта Махотэ Вероникэ, Шыбзыхъуэ Сэтэней, Анисимовэ Иринэ, Іэщыж Наидэ, нэгъуэщІ дизайнер-бзылъхугъэхэми.

Пщыхьэщхьэр ягъэдэхащ Ракитинэ Иринэ, Мамбэт Мадинэ, Текуев Амур, Хъыжьрокъуэ СулътІан, ЦокІыл Азэмэт, Индинэ, КІыщхэ Ислъамрэ Каринэрэ, нэгъуэщІ уэрэджыІакІуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр щагъэлъэпІа махуитІым цІыхухэр Іуэху дахэ куэдым хагъэплъащ. Сыт щыгъуи апхуэдэ ІуэхущІафэхэр ди щІыналъэм и куэду, и къару илъу, ефІакІуэ, щІэращІэ зэпыту щытыну дохъуэхъу ди Хэку дахэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**















*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Щапхъэ

# Къуажэ егъэджакIуэм и фэеплъ



**Аруан щIыналъэм хыхьэ Аруан къуажэм республикэм щыяпэ дыдэу къыщызэIуахащ къуажэ егъэджакIуэм и фэеплъ сын. Абы алыфбейм и теплъэ иIэщ, пирамидэр зи лъабжьэ лъагапIэм тету. Школым щыкIуа япэ махуэхэм щегъэжьауэ цIыкIухэм зэхах мамэ, Хэку, мамырыгъэ, зэныбжьэгъугъэ псалъэхэр тхылъым щыболъагъу. Фэеплъым къиIущIыкIащ «ЕгъэджакIуэм щIэныгъэхэр къует, щIэныгъэхэм уи пащхьэм дуней псор къыщызэIуах...». И лъабжьэм щIэдзыжащ: «Къуажэ егъэджакIуэм фIыщIэ хуэтщIу».**

IУЭХУР къезыхьэжьари къызэзыгъэпэщари 1959 гъэм мы школыр дыщэ медалкIэ къэзыуха, Бауманым и цIэр зезыхьэ МВТУ-м иужькIэ щеджа, дипломату лэжьа, иджы запасымрэ резервымрэ щыIэ офицерхэм я зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо чэнджэщакIуэ комитетым и секретарь нэхъыщхьэ Къумахуэ Анатолэщ. ЕгъэджакIуэр къызыхуигъэщIа къалэн лъагэм тепсэлъыхьа иужькIэ школакIуэхэм абы гу лъаригъэтащ дуней псори сыт хуэдэ гъуэгури къыпхуззэIузых щIэныгъэхэр школым къызэрыщIэпхым и мыхьэнэм. Къумахуэм фIыщIэ хуищIащ Аруан районымрэ къуажэмрэ я администрацэхэм, скульптор Кучмезов Хьэзиз, сурэтыщI Лазников Сергей сымэ, и гупысэр гъащIэм хипщэфын папщIэ щIэгъэкъуэн нэс зэрыхъуахэм папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Битокъу Владимир Къумахуэ Анатолэрэ фэеплъыр гъэувыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэмрэ яхуэфащэ пщIэ яхуищIащ икIи къыхигъэщащ къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэнымкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Дэтхэнэ зы цIыхуми и гум щигъафIэ псалъэхэмкIэ Битокъум иухащ: «ЕгъэджакIуэ, уи цIэр щызэхэсхкIэ, зыпхуэзгъэщхъыну хуит сыкъэщI».

Араун район администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт Къэралыгъуэм и махуэмрэ ЩIэныгъэхэм я махуэмкIэ псоми ехъуэхъуа иужькIэ жиIащ абыхэм къадэкIуэу Аруан районым къуажэ егъэджакIуэм и фэеплъ сын къызэрыщызэIуахам мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Я фейдэ къамылъыхъуэу, улахуэ мащIэкIэ лажьэ, еджакIуэхэм щапхъэфI яхуэхъу, лэжьыгъэм щIэзыпIыкI, цIыхухэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ фIыуэ езыгъэлъагъу Урысейм и егъэджакIуэ псоми ар пщIэ зэрыхуащI Iэмалщ», - жиIащ абы.

*Аруан щIыналъэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.*



Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Абы дегъэпIейтей

# Сыт хуэдизрэ ягу техуэну?

**Либералхэм къакIэлъижыхьыну апхуэдизу зыфIэфI властым имылъагъункIэ хъунущ ипэжыпIэкIэ шынагъуэр къыздылъыкъуэкI лъэныкъуэр.**

ТЕЛЕВИДЕНЭМ дэ щIэх-щIэхыурэ дегъэлъагъу Путин Владимир губернаторхэм зэраIущIэр. Москва къэлъэта губернаторыр къэралым и Iэтащхьэм бгъэдэсщ. Япэрейм тетыгъуэр зейм хуеIуатэ и щIыналъэм къыщахьа ехъулIэныгъэхэр зыхуэдэр. Ауэ сыщIэупщIэну сыхуейщ: фэ фыщрихьэлIа апхуэдэ репортажхэм емыхъулIэныгъэхэм ехьэлIа зыгуэр. «Ди Iуэхухэр щIагъуэкъым, Путин, ди заводхэр тхуэгъэлажьэркъым, IэнатIэншэхэм къахохъуэ, улахуэхэр йохуэх, щIыхуэхэм датхьэлэ» жаIэу.

- Апхуэдэ гуэр дэ телевиденэм щызэхэтхакъым икIи, ди властым и иджырей ухуэкIэм дытетмэ, зэи щызэхэтхынукъым: «ехъулIэныгъэхэм ятеухуа репортажхэу совет лъэхъэнэ лъандэрэ яхуэмыгъэкIуэдыжхэм дытетщ. АрщхьэкIэ белджылыщ, шэч къытрихьэми, къыжриIэхэмкIэ арэзыуэ Президентым и щхьэр зэрищIыр - ар къэралым и унафэщIщ икIи псоми къафIигъэщIын хуейщ Iуэхухэр тэмэму екIуэкIыу.

Абы щыгъуэми, зым и дежкIи телъыджэу щыткъым (сэ ар сощIэ Ельцин Борис и пресс-секретару сылэжьащи) президентым къэралым щыщыIэ щытыкIэр зыхуэдэр зригъэщIэну Iэмал псори зэриIэр (полномочнэ лIыкIуэхэр, статистикэр, псэупIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр, журналистхэр), дэтхэнэ щIыналъэми щыIэ щытыкIэм зэрыщыгъуазэр. СощIэж Ельциным и стIолым щIэх-щIэхыурэ ФСБ-м къикIа тхыгъэхэр къытехутэу зэрыщытар. Абыхэм фагъуэ ящIэхъукIырт щIыналъэ «сурэтыщIхэм» Iуэхухэм я щытыкIэхэр зыхуэдэм теухуауэ я Iэдакъэхэм къыщIэкIауэ къагъэхьахэр. АрщхьэкIэ иужькIэ президентым апхуэдэ щIыналъэхэм яхуигъакIуэрт ахъшэ изу зэрылъ къухьлъатэхэр.

### Пэжыр здэщыIэр

Путини, дауи, иIэщ пэжыр къызэрищIэфыну Iэмалхэр. Телевиденэм къимыгъэлъагъуэ щхьэкIэ, си гугъэщ Президентыр щIыналъэхэм щекIуэкIхэм щыгъуазэу. Къэхъухэр мис мыращ: иужь мазихым мыарэзыуэ къэувхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хэхъуащ. Оппозицэркъым къэувыр, атIэ лэжьакIуэ къызэрыгуэкIхэрщ. Профсоюзхэм къызэратымкIэ, апхуэдэ Iуэху 200-м нэс къэхъуакIэщ. Ахэр зэкIэ къалъытэ хъунукъым европэ пщалъэм ещхь зэбастовкэ гуэру - апхуэдэхэм деж лэжьакIуэхэр профсоюзхэм я жьауэм щIэту икIи къагъэувхэр убзыхуауэ уэрамхэм къыдохьэ. Дэ ди профсоюзхэр иужь илъэс 15-м властым и жыIэщIэ хъуащ, ипэжыпIэкIэ я къалэныр ягъэзэщIэну хуейкъым. АтIэми, Къэрал Думэм щыщ ди «къыщхьэщыжакIуэхэм» забастовкэхэр зэребгъэкIуэкIыну хабзэр апхуэдизу гугъу ящIащи, сыт хуэдэ мыарэзыныгъэ Iуэху епхьэжьари терроризмэм хуагъэкIуэфынущ.

ГъэщIэгъуэнщ икIи зэхэщIыкIыгъуейщ КПРФ-м и Iэтащхьэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэри. Совет властыр щыщыIа илъэс 70-р къекIуэкIащ гуащIэрыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэм КПСС-р къадэщIу жаIэу. Иджы псори нэгъуэщIщ. КПРФ-м и унафэщIхэм иджыри тхьэ щаIуэж лэжьакIуэхэм я телъхьэу, ауэ мафIэм хуэдэу щошынэ зы пэкIу гуэри къызэрагъэпэщыну. Пэжу, псэукIэр нэхъри щыекIакIуэ зэманым профсоюзхэми КПРФ-ми лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэжыну хуагъауващ.

### ЩIыхуэр мащIэркъым

Зэман гъунэгъу дыдэм властри гупсысэн хуей хъунущ. Иужь илъэсхэм Кремлым и гугъащ зы жыпхъэ имыт оппозицэм нэхърэ нэхъ шынагъуэ щымыIэу. Властым къыщыхъуырт Навальнэм, Касьяновым, Немцов е Удальцов нэхърэ нэхъ зыфIэлIыкIын щымыIэу. Уеблэмэ, апхуэдэхэм хабжэрт Чириковэ, Собчак, Шендерович сыми, Кремлыр хущIэкъуащ ятримыкъузащэу ахэр лъэныкъуэ иригъэзын. ЖыIэн хуейщ ар къаруушхуэ тримыгъэкIуадэу къызэрехъулIар. ЦIыхубэм гу лъитэхакъым оппозицэр зэрыщымыIэжым. КъухьэпIэми жиIэшхуа щыIакъым. Къэплъытэ хъунущ властым Москва игъэсабырауэ. АрщхьэкIэ Москва къулейр хуеищэтэкъым щытыкIэр зэIигъэхьэну.

2012 - 2015 гъэхэм щытыкIэм хуабжьу зихъуэжащ. ЩIыдагъэм и уасэр къелъэхъшэхащ: псынэр ужьыхыу хуежьащ. Псэуныгъэ IэнатIэр зэIыхьащ: сымаджэщхэр, фельдшер IуэхущIапIэхэр, школхэр, библиотекэхэр, клубхэр зэхуащIыж, улахуэхэм паупщI. Кърымыр къыгухьэжа икIи Украинэм къыщыхъуахэм я ужькIэ къыттехьэлъэ санкцэхэр къытхуагъэуващ. Москва щIыналъэхэм яхуиутIыпщ дотацэхэм хуабжьу кIэригъэхун хуей хъуащ. Абы къыхэкIыу губернэ бюджетым псори зэхэту щIыхуэу сом триллиони 2,5-рэ къытехуащ.

### Зыхуэбгъэфэщэным ялеекI делагъэ

Урысейр кIуэ пэтми нэхъ ещхь мэхъу Грецием (Алыджым). АрщхьэкIэ алыджхэм яхуэмыдэу, урысейхэм яфIэкIуэдащ езыхэм я сэбэп зыхэлъхэр зэрахъумэф Iэмалхэр. Властми иIэкъым щытыкIэ гугъухэм я деж Iуэхухэр зэригъэкIуэнымкIэ зэфIэкI. Абы иджыри и гугъэщ машинэ гъэщIэрэщIа ису щыблэжкIэ, гъуэгум тет цIыхухэм щхьэщэ къыхуащIыну. АрщхьэкIэ яупцIэнауэ, ишхын имыIэжу къагъэнауэ абыхэм къащIэмэ-щэ? ИтIанэ ар зыхуэзэнур оппозицэ щабэркъым, атIэ зэщIэгъэгубжьа цIыхубэрщ.

Апхуэдэ зэIумыбзыныгъэ щыщыIэ зэманым къозэгъ Бисмарк жиIауэ щыта псалъэхэр дигу къэдгъэкIыжыну: «Зэи мурад бзаджэ Урысейм кIэлъызевмыхьэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы сыт хуэдэ фи хьилагъэми, езым зыхуэбгъэфэщэным ялеекI делагъэкIэ жэуап кърцтыжынущи».

**КОСТИКОВ Вячеслав.**
*«Аргументы и факты»*

● Ди псэлъэгъухэр

# МылъкукIэ ирикъухэркъым

***«Тезыр ятелъхьэн хуейщ ахъшэр нэгъуэщI къэралхэм зыгъэкIуэщIхэм», - жеIэ тхакIуэ Поляков Юрий.***

### Гугъуехь къешэ

**- Юрий, Урысейм кърахщIылIа санкцэхэм апхуэдизкIэ гугъуехь куэд къашащи, языныкъуэхэр йогупсыс КъухьэпIэм худэтчыхын хуейуэ...**

- ДыкъикIуэт хъунукъым: итIанэ ди суверенитетыр зэи дымыгъуэтыжыну тфIэкIуэдынущ. Аращ къухьэпIэ цивилизацэр зэрыухуар: зэпсалъэр лъэщхэрщ, лъэрымыхьхэр и жыIэм щIегъэувэ. Нэхъ щIалэхэм къагурыIуэркъым 1942 гъэм апхуэдиз цIыху хэдгъэкIуадэу Сталинград щIэтIыгъам и щхьэусыгъуэр. Ауэ дэ Ленинградрэ Сталинградрэ едгъэубыдамэ, зауэм дыщытекIуэнутэкъым. Езгъэлеину сыхуейкъым, ауэ мы зэманми абы ещхь щытыкIэ щыIэщ. Къызэрыттракъузэм дыпэщIэмытыфмэ, дыкъэдзыхэмэ, Урысейр зы къэралу щытыжынукъым: ар лъэлъэнущ.

**- Урысеймрэ Украинэмрэ я зэхущытыкIэхэр щIагъуэкъым. Иджыблагъэ Путин Владимир Кърымым зэрыкIуар Порошенкэ Пётр къилъытащ ар дуней псом пэщIэзыгъэувэ Iуэхуу.**

- Ауэ сэ къызолъытэ бомбэхэр зэрырадзыхыр, цIыху мамырхэр зэрызытраукIэр езыр дуней псом пэщIэзыгъэувэ щIэпхъаджагъэу. Путин здэкIуар, жытIэнщи, урысей щIыналъэщ. Дэ дыкъэгубжьыркъыми Меркель нэхъапэм ФРГ-м щымыщу щыта Дрезден зэрыкIуэм щхьэкIэ.

### СССР-р зэхэзыкъутахэр

**- Кърымыр къызэрызэдгухьэжар нэхъыбэм я гуапэ хъуами, санкцэхэр зыхуэгъэза ерыскъыхэкIхэр зэрызыхапIытIэр куэдым къалъытащ властхэм я мыкIуэмытагъэу...**

- Сэ иджыри къэс сощIэж щIакхъуэ бзыгъэ ныкъуэшхыу къэзгъэнамэ, си натIэм къытеуIуэу зэрыщытар: «Дэ зауэм и зэманым кIэртIофыфэм дрипсэуащ, удигъусамэ, пщIэнт ар зищIысыр. Ерыскъыр хэбутэныр хьэкIэкхъуэкIагъэщ. Ауэ сэ къызгурымыIуэр нэгъуэщIщ: пIалъэ кIыхькIэ ди мэкъумэш хозяйствэм и IэнатIэ псохэр хэдгъэкIуэдэжащ. Иджы щогуфIыкI: мобы фермэхэр къыщызэIуах, модэкIэ гъавэ ящIэн щыщIадзэжащ. Ауэ хэтыт япэм зэран къахуэхъуу щытар?! Сыт псори кIэрыутIыпщ щIащIар? Урысей Курытым зыщуплъыхьмэ, уолъагъу - губгъуэхэр удзыжьхэм зэщIащтащ, бохэр нэщIщ, щхьэгъубжэхэр хэудащ. Зыгуэрхэр хуеящ розэхэр Голландием, кIэртIофыр Израилым, бэдрэжанхэр Франджым къитшыну. Лосоcри Скандинавием къыIыдох, ахэр ди щIыналъэм бжыгъэншэу щыIэми. Телъыджэщ, ауэ урыс квасыр къызэтенащ. Хунэсахэкъым...

**- Ауэ псоми ящIэ а «хунэмысахэр» хэтми...**

- Сэ сщIэркъым. Сэ абыхэм я цIэунэцIэхэр зэхэсхакъым. Сыт властым ахэр къыщIримыIуэр? Иджыблагъэ Следствэ комитетым и лэжьакIуэ зызыгъэпхъашэм жиIащ Домодедовэ аэропортыр зейхэр, зи IэпэдэгъэлэлыгъэкIэ лъыгъажэ теракт къэхъуахэр икIэм-икIэжым хэтми белджылы зэращIар. Телъыджэ дыдэщ! Япэрауэ, аэропорт абрагъуэр вакъэ щадыж пхъэ унэжь цIыкIукъым. СлIожь, ди деж псоми зэдай цIыхубэ мылъкур къэлъэIуам щратауэ ара?! ЕтIуанэрауэ, зейхэм я цIэ-унэцIэхэр кърaIуакъым. Жылагъуэм тэмэму зиужьынукъым яIэщIэкIа щыуагъэхэмкIэ къуаншэхэр жэуапым ирамышалIэмэ. Ди деж иджыри я цIэхэр къыщраIуакъым 1991 гъэм СССР-р зэрылъэлъэжамкIэ, 1993 гъэм лъыгъажэ къызэрыхъуамкIэ къуаншэхэм я цIэхэр.

«ЗэхъуэкIыныгъэхэм я зэманым щыIа лъагъуныгъэ» си романыщIэр зытеухуар мис а лъэхъэнэрщ. Телъыджэщ: мурад хэха, программэ убзыхуа зимыIэ цIыхухэр яужь ихьат совет жылагъуэр зэрахъуэкIыну. Рынокым езым зиузэщIынущ. Щыгугъ кIэртIофым езым зыщIитхъуэжыным! «Правда» газетым и экономикэ обозреватель Гайдар, ипэжыпIэкIэ журналистым ирегъэкIуэкI къэралым и хозяйствэ зэхэзэрыхьам и реформэ. Мис аращ, перестройкэрщ, къызыхэкIар ящIэр зымыщIэж министрхэр. Правительствэм и зэIущIэ телевизоркIэ ущеплъкIэ, ди къэрал къулыкъущIэхэм я нэхэм щIолъагъуэ зэшыгъуэ: заущэхуауэ поплъэ Путиным ахэр щиутIыпщыжынум. Зэгуэр зыгуэрым къыджиIэм тещIыхьауэ дыухуэ жылагъуэр зыхуэдэр сыт? Псэуныгъэ Iуэхум хуэгъэпсамэ, щхьэ апхуэдизу зэщхьэщыкIрэ къулейсызхэмрэ къулейхэмрэ? Сыт доллар мелуан и уасэ сыхьэт и Iэпщэм зэрилъым фIэкIа къыхэмыжанык Iа унафэщIым къащIэнкIэ зыщышынэ улахуэшхуэ щIратыр? Абы щыгъуэми, ипщэ лъэныкъуэм щыIэ музейм и лэжьакIуэм и улахуэр сом мин 12-щ. Иужьрейм цIыхухэм музейм и экспонатхэр ярегъэлъагъу, унафэщIым дигъэлъагъур...

Коммунистхэм планхэр, идеологие яIащ. ФIыми Iейми, нэгъуэщI Iуэхущ. Дэ иджы апхуэдэхэр диIэ? Сэ сыхуейкъым здэкIуэр сымыщIэ мафIэгу сисыну. ЖытIэнщи, Горбачев и зэманырщ цIыхухэм ялэжьри щIалэжьри къагурымыIуэж щыхъуар. Ауэ си романым и лIыхъужьхэм къалъытэ мурад щэху гуэр щыIауэ: властым хыхьэри, къэрал абрагъуэр зэтрагъэщэхащ. Къэрэндащ къащти, тхылъымпIэм итхэт перестройкэм къэралыр зэтезыгъэщэщахэм, приватизацэм, либерализацэм жыджэру хэтахэм я цIэ-уэцIэхэр. ВгъэщIэгъуэнщ: абыхэм ящыщ куэдыр зэпымыууэ щыпсэуну КъухьэпIэм зэрыIэпхъуэрэ куэд щIащ, я бынхэр псори абы щыIэщ. Пэжщ, революцэм иужькIи цIыху куэд къэралым икIащ. АрщхьэкIэ хужьыдзэм хэтахэр Европэмрэ Америкэмрэ таксизехуэу, Iэнэзехьэу щылэжьащ, иджырейхэр Франджымрэ Инджылызымрэ лъапсэ уардэхэр къыщащэху. А псоми уагъэгупсысэ. ЗэхъуэкIыныгъэм и пашэхэм дыкъыхураджэрт цIыхухэм псэуныгъэкIэ яку дэлъын хуей захуагъэм, партым и райкомым и лэжьакIуэм ефIэкIыныгъэ гуэри иIэн зэрыхуэмейм. АтIэ сыт ящIар властыр яIэщIыхьа иужь? Псори зэрапхъуащ, къэралыр Iыхьэ-Iыхьэу зэпаупщIащ, цIыхухэр пажэхэм, пщIэ зыщIамыт егъэджэныгъэ, медицинэ IэнатIэхэм пагъэкIащ.

**- АрщхьэкIэ иджырей щытыкIэр зэхъуэкIыныгъэм и зэманым щыIам къыщхьэщокI...**

- Дауи, Урысейр къыщызэтещэха икIи цIыхухэр зыхэпсэукIын ямыIэу къыщына 90 гъэхэм елъытауэ дэ япэкIэ дыкIуэтащ. Сэ къызгуроIуэ илъэсипщIкIэ Ельцин и хуэмэбжьымэхэр зытеджэгухьа къэралыр зэуэ къызэрыпхуэмыIэтыжынур. Ауэ абы лъандэрэ илъэс 15 дэкIащ! Апхуэдэ зэманым кърииубыдэу большевикхэм промышленность къызэрагъэпэщащ. вузхэр, щэнхабзэм и унэхэр зэтраухуащ, арщхьэкIэ дэ иджыри къэс олигарххэр къэралым хуэдгъэлэжьэфыркъым. Хуэм дыдэурэ фIэкIа зытхуэужьыркъым. Соловки сыкъикIыжа къудейщ. А щIыналъэм зы банкомати щыIэкъым. Абы щыгъуэми, ар дунейпсо турист центрщ. Дауи, Греф галстук дахэхэр зыделъхьэ, ауэ къэралми егупсысыну и чэзу хъуакъэ?!

Властым мылъкушхуэ зыбгъэдэлъхэр къэралым хуигъэлэжьэн хуейщ. Революцэм и пэкIэ щыIа хьэрычэтыщIэхэм къытхуагъэнащ Третьяковскэ галереер, МХАТ-р, сымаджэщхэр, школхэр, фабрикэхэр. Иджырейхэр хущIокъу ахъшэр ирахыу щIэпхъуэжыну. «ХэхакIуэ» зыфIаща цIыхубэм ар имылъагъу я гугъэрэ? Ягугъэмэ, къопцIэ.

**ШАБЛИНСКАЯ Ольгэ.**
*«Аргументы и факты»*

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



**Бгырыс цIыхубзхэм псы кърагъахъуэ.**
*Сурэтыр Черноусенкэ Фёдор блэкIа лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм ищIащ. Дагъыстэн*

● СССР

# Хэт дэтхэнэр игъашхэрэт?

**Совет Союзым къэралышхуэ дыдэр зэрыкъутэжрэ илъэс 24-рэ дэкIами, иджыри къэс иризодауэ абы хэта республикэхэм ящыщу хэт нэхъ хилъафэу щытами.**

### Щыхьэрым трагъащIэ

ШыщхьэуIу мазэм ягу къагъэкIыжащ 1991 гъэм Совет Союзыр лъэлъэжыпэным кIэухыу щхьэусыгъуэ хуэхъуахэр. ПсомкIи ягъэкъуаншэри, ГКЧП-р къагъэсэбэпащ ар картэм ирахын папщIэ.

Ауэ абы и пэкIи а Iуэху бзаджэм егугъуу зыхуагъэхьэзырат: ар хьэкъ пщохъу а зэманым демократие прессэм тридзэу щыта тхыгъэхэм укъеджэмэ. Абыхэм лъэпкъ республикэхэм я цIыхухэр зэщIагъаплъэрт псэуныгъэкIэ езыхэр нэхъ хилъафэу къыфIагъэщIу. Ар зыхуэгъэзар езыхэм я республикэм адрей псори, дауи, Москваи хэту, игъашхэу къыщIрагъэдзынырт.

Украинэм и мызакъуэу, ар щыжаIэрт Белоруссиеми, Прибалтикэми, Куржыми, нэгъуэщIхэми. Дыгъуасэ парт лэжьыгъэм пэрытахэмрэ лабораторэхэм я унафэщIу щытахэмрэ бжыгъэхэр къахьурэ тхьэ щаIуэжырт Союзымрэ Москварэ я бжьым къыщIэкIмэ, тхъэжу, зыхуей псори ягъуэту псэуну. Абы щыгъуэми, лъэпкъ суверенитетхэм я телъхьэхэр егупсысыртэкъым мыбы: дэтхэнэми адрей псори зэригъэшхэнур дауэ?

### Ятым нэхърэ нэхъыбэ къалъысырт

Украинхэм я фIэщ ящIат къэрал псор щIакхъуэкIэ, лыкIэ, гъэшкIэ ягъашхэу, белорусхэм гъэшхэкIхэмрэ кIэртIофкIэ, куржыхэм мандаринрэ шейкIэ, молдованхэм шагъыррэ пхъэщхьэмыщхьэкIэ псори къызэрагъэпэщ хуэдэу жраIэрт. Дэтхэнми адрейхэр игъэкъуаншэрт. А зэманым цIэрыIуэ хъуат «Ирикъунщ Москва зэрыдгъэшхар!» къыхуеджэныгъэр.

Иджыблагъэ Интернетым сыщрихьэлIащ СССР-м къыщалэжьу щытамрэ къалэжьар зэрагуэш хабзэу щыIамрэ къэзыгъэлъагъуэ таблицэм.

Зэрыгуры Iуэгъуэщи, СССР-м и зэманым ар щэхут. Ауэ иджыпстуи куэдкIэ ущымыуэу пхузэфIэгъэувэжынущ бжыгъэхэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, Украинэм 1989 гъэм езым къилэжьым нэхърэ процент 13-кIэ нэхъыбэ лъысащ. А илъэсхэм псэуахэр щыхьэт техъуэфынущ лъэпкъ республикэхэм, псом хуэмыдэу абыхэм я щыхьэрхэм ягъуэтыр РСФСР-м и областхэм пщIыхьэпIэу ялъагъуу зэрыщымытам. Киев и дэтхэнэ тыкуэнми щIэлъхэм нэр пIэпахырт.

### Иджы-щэ?

Илъэс 24-рэ дэкIащ. Псори щхьэхуэ хъуащ, зыр адрейм «тесыжкъым», ауэ ехъулIэрэ гъащIэм?

Я ВВП-хэм хэзыгъэхъуэфар мащIэ дыдэу къыщIокI. Абыхэм я япэ гупым хохьэ балтикэ къэралхэр. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ: Евросоюзыр къадоIэпыкъу, СССР-м и зэманым къызэрагъэпэща транспорт инфраструктурэр къагъэсэбэп. Урысейр щIыдагъэм «зэрытесымкIэ» ягъэкъуаншэмэ, ахэр кхъухь тедзапIэхэм тетIысхьащ, УФ-м апхуэдэхэр къызэремэщIэкIыр къагъэсэбэпри. Ауэ ар мыгувэу иухынущ: Урысейм и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэхэм кхъухь тедзапIэщIэхэр ухуэныр и кIэм щынагъэсащ.

Белоруссием мащIэу зиужьащ. Ауэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым абы Урысейр зэпымыууэ зэрыдэIэпыкъур.

Ещанэ гупым хохьэ псынщIэу зызыужьахэр - Азербайджанымрэ Къэзахъстанымрэ. Ар зи фIыгъэр я щIыуэпс къулеигъэхэрщ.

### Бжыгъэхэм псори къызэщIаубыдэртэкъым

ВВП-хэр лыхэмрэ гъэшхэкIхэмрэ я закъуэкъым. Абыхэм хохьэ ухуэныгъэхэри, егъэджэныгъэ, медицинэ IэнатIэхэри, н. къ.

Лъэпкъ республикэхэм щIэгъэхуэбжьауэ зегъэужьыным теухуа политикэр СССР-м япэ щрагъэщу щыташ. ЛъэщапIэ инхэр щаухуэрт, абыхэм щылэжьэну IэщIагъэлIхэр куэду щагъэхьэзырт. А IуэхущIапIэхэм псори щылажьэрт: таджикхэри, латышхэри, урысхэри икIи мыбдеж зыми ефIэкIыныгъэ щиIэтэкъым.

Бжыгъэхэм псори къыпхузэщIегъэубыдэнукъым: СССР-р дунейм и къэрал, политикэ къару куэдым хуабжьу ядэIэпыкъурт. Дауи, ягъэлеяуэ щIэуфауэ.

Абыи и закъуэкъым. ВВП-хэм къагъэлъэгъуэфыркъым капитализмэм дытехьа иужь къулейсызхэмрэ къулейхэмрэ хуабжьу зэрызэщхьэщыкIар: хэт зыхуей псори егъуэт, хэти IэнэщIщ. Аращи, щхьэхуэ защIыным щIэхъуэпса лъэпкъхэр ехъулIауэ жыпIэ хъунукъым.

**ГРИШИН Александр.**
*«Комсомольская правда»*

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.













# Бжьыхьэ дыщафэ

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм шыщхьэуIум и 31-м къыщызэIуахащ Налшык къалэр илъэс 291-рэ, республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр илъэс 94-рэ зэрырикъум теухуа «Бжьыхьэ-2015» зыфIаща отчет гъэлъэгъуэныгъэр.**

«БЖЬЫХЬЭ - 2015» выставкэм хагъэхьа сурэтхэм щынэрылъагъут республикэм и щIыуэпсыр гъэм и сыт хуэдэ зэманми, махуэми жэщми зэрыдахэр. ГъэщIэгъуэныракъэ, абыхэм уеплъа иужь аргуэру къытезгъэзэжащэрэт жыуагъэIэу малъхъэдисым хуэдэу узэщIашэ. Ар зи IэщIагъэ а Iуэхугъуэм дихьэх нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми я гуащIэр выставкэм халъхьат. СурэтыщIхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ и щIыуэпсымрэ хуаIэ лъагъуныгъэ иныр я лэжьыгъэхэм къыщагъэлъэгъуащ.

Сурэтхэм къадэкIуэу мы гъэлъэгъуэныгъэм увыпIэфI щаубыдащ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэми. Ар адыгэм зэрихьэ Iэщэ-фащэхэрщ, дыжьын бгырыпххэрщ, бгъэIулъхэрщ, къагъэсэбэп нэгъуэщI хьэпшыпхэрщ, цIугъэнэхэрщ, арджэнхэрщ. Дыщэ IуданэкIэ хэдыкIа, дыщэидэ щIа къэлъытмакъхэм, хъыджэбз хьэпшыпхэм къыпхузэIуах лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ тхыпхъэхэм я дахагъыр. Апхуэдэхэщ Мэстафэ Вячеслав, Юзбашевхэ Гаджи-Абакаррэ Мурадрэ, Галинский Яромир сымэ я лэжьыгъэхэр. Абыхэм къыхощ адыгэм и блэкIар, тхыдэ гъуэгуанэр, щэнхабзэ, гъуазджэ хъугъуэфIыгъуэр.

Выставкэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI **Накуэ Феликс**.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэIузыхар КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдинщ**. Абы къыхигъэщащ республикэм и махуэшхуэхэм ирихьэлIэу ди щIыналъэм и щIыуэпсым и къулеягъымрэ и дахагъымрэ къызэрыщ сурэт телъыджэхэр утыку къызэрырахьар.

- Ди сурэтыщIхэм къагъэщI дахагъэм цIыхупсэр зэригъэгуфIэм, дэрэжэгъуэ ин зэрыратым фIыуэ сыщыгъуазэщ, - жиIащ министрым. - Дахагъэр кууэ зыхэзыщIэ сурэтыщIхэмкIэ ди республикэр зэрыкъулейм дегъэгуфIэри, узыншагъэ, ехъулIэныгъэ яIэну сохъуэхъу. Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ псоми сынывохъуэхъу, мамырыгъэ, гуфIэгъуэ фыщымыщIэну си гуапэщ!

КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** жиIащ лэжьыгъэ телъыджэу мы гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьахэр псалъэ зэрыхуэмыныкъуэр, республикэм исхэми гъуазджэм и цIыхухэми ахэр гъэщIэгъуэн зэращыхъунур. Скульптор **ТхьэкIумашэ Михаили** къыхигъэщащ узыгъэгупсысэ сурэт щIэщыгъуэ куэд мы гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхагъэхьар. УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Красноярск ксилографиемкIэ и студиер къызэзыгъэпэща икIи абы и унафэщI **Пащты Герман** жиIащ ягъэлъагъуэ сурэтхэм фIыуэ зэрыщыгъуазэр, дэтхэнэ зыми мыхьэнэ зэриIэр, гъэщIэгъуэн, удэзыхьэх куэд зэрыхэплъагъуэр, тхыдэр къызыхэщ а дахагъэм щIэблэр щIэпIыкIын зэрыхуейр.

СурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэм и отчет гъэлъэгъуэныгъэм халъхьащ Пащты Герман, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Тхьэзэплъыж Руслан, Ахматов Лиуан, Жылэ Анатолэ, нэгъуэщIхэми шэрджэс зауэлIхэм, адыгэ пщащэхэм, нарт эпосым къыхэщ лIыхъужьхэм, Iуащхьэмахуэ, гъэм и зэманхэм, удз гъэгъахэм, нэгъуэщIхэми траухуа сурэтхэр. Выставкэм и курыкупсэм щагъэуващ республикэм и сурэтыщIхэм гипскIэ ящIа скульптурэхэр. Апхуэдэхэщ ТхьэкIумашэхэ Михаилрэ Заурэ, Пак Галинэ, Шэрджэс ТIэхьир, ГъукIапщэ Арсен, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэхэм зрагъэхьэлIащ республикэм и сурэтыщIхэм, гъуазджэр фIыуэ зылъагъухэм, къалэм и хьэщIэхэм. Выставкэр фокIадэм и кIэух пщIондэ зэIухауэ щытынущ

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

★★★

# КъэкIуэнум лъэбакъуэщIэ хуач

● ЩIэныгъэ

**Дунейм и къэрал куэдым хуэдэу, ди Хэкуми щагъэлъапIэ ЩIэныгъэхэм я махуэр. Ар зытехуэ фокIадэм и 1-р лъагапIэщIэхэм, текIуэныгъэщIэхэм я щIэдзапIэщ, къэкIуэнум хуач лъэбакъуэщIэм, гугъапIэщIэхэмрэ мурадыщIэхэмрэ я нэщэнэ дахэщ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и ныбжьыщIэ мелуан 22-рэ еджэным пэрыхьэжащ фокIадэм и 1-м. Абыхэм ящыщу мелуан 15-м щIигъур курыт, пэщIэдзэ школхэм я еджакIуэщ. Махуэшхуэр гуфIэгъуэ дыдэщ школыбжэр япэ дыдэу зыхузэIуаха цIыкIухэм папщIэ. Япэ дыдэ япэ классым мы гъэм кIуащ сабий мелуанрэ ныкъуэм щIигъу. Ар мини 120-м щIигъукIэ нэхъыбэщ нэгъабэ езанэ классым щIэтIысхьахэм нэхърэ.

Ди республикэми Iэтауэ щагъэлъэпIащ фокIадэм и 1-р. ЩIэныгъэхэм я махуэу зэрыщытым къыдэкIуэу, ди щIыналъэм щыпсэухэм я дежкIэ ар КъБР-м и Къэралыгъуэм, КъБР-м и Конституцэм, республикэм и къалащхьэ Налшык я махуэшхуэщ. Япэ уэзджынэм епха гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр екIуу щекIуэкIащ курыт, пэщIэдзэ школ псоми. ЕджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ нэмыщI, абыхэм хэтащ адэ-анэхэр, къэрал къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр. ИужькIэ сабийхэм папщIэ ирагъэкIуэкIащ мамырыгъэм, щIэныгъэм я дерсхэр, япэ классым щIэтIысхьа цIыкIухэм тыгъэ гуапэхэр хуащIащ, еджапIэм зыщрагъэплъыхьащ.

Iуащхьэмахуэ районым и къалащхьэ Тырныауз дэт курыт школ №6-м (унафэщIыр **Силяевэ Любэщ**) фокIадэм и 1-м щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэр куэдым гукъинэж зэращыхъунум шэч хэлъкъым. Школым щекIуэкIа линейкэм и хьэщIэ лъапIэт егъэджэныгъэмкIэ район IэнатIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Мурачаевэ Людмилэ**, къалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Джаппуев Руслан** сымэ. НыбжьыщIэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэза нэужь, сабийхэм ящIыгъуу ахэри ирагъэблэгъащ гъэ еджэгъуэщIэр къызэрызэIуах япэ дерсхэм. КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм тещIыхьат егъэджакIуэ Урыс Маринэ 4-нэ классым щита урокыр. ГъащIэм и хабзэ нэхъыщхьэм - Конституцэм - епхат 7-нэ классым и унафэщI Узденовэ Джамилярэ абы и гъэсэнхэмрэ ягъэхьэзыра дерс купщIафIэр. Апхуэдэу куэдым яфIэхьэлэмэтащ адыгэбзэр школым щезыгъэдж Жэпу ФатIимэ 6-нэ классым щригъэкIуэкIа класс щIыб лэжьыгъэр. ЩIэныгъэ куу зэгъэгъуэтыным, тхылъ еджэным я мыхьэнэм щытепсэлъыхьащ абы. Апхуэдэу дерсхэм щыIуащ Хэкум, мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм, ныбжьэгъугъэм ятеухуа усэхэр, уэрэдхэр.

Еджэным, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зэгъэгъуэтыным лъэбакъуэщIэ хуэзыч сабий минхэм, ныбжьыщIэхэм, студентхэм, абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ дохъуэхъу фокIадэм и 1-р угъурлы яхуэхъуну, абы и япэ уэзджынэм и макъ жьгъырур мурадыщIэхэм къыхуезыджэу къахущIэкIыну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

★★★







Сурэтхэр Къарей Элинэ трихащ.

# Махуэшхуэм и щIыхькIэ

● Шыгъажэ

**Шы спортым дихьэххэм фIыуэ ящIэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ фокIадэм и 1-м къыхалъхьэну зэхьэзэхуэр къызэрыгуэкIыу зэрыщымытынур. Апхуэдэуи къыщIэкIащ - махуэшхуэ зэпеуэм хуагъэхьэзырат зи цIэр жыжьэ Iуа шыгъажэш лъэрызехьэ куэд.**

НАЛШЫК и ипподромым къыщызэIуаха «Iуащхьэмахуэ и кубок-2015» шыгъажэшхуэм щIидзэным и пэ къихуэу, Iуэхур езыгъэкIуэкIыр къеджащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и хъуэхъум:

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм иредгъэхьэлIа шыгъажэм хэтхэм фIэхъус гуапэ фыдох! Мыбы хуэдэ зэхьэзэхуэхэм республикэм и жылагъуэ, щэнхабзэ гъащIэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Шы гъэхъуным ди республикэм и тхыдэм щиIэ мыхьэнэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ шым пщIэшхуэ хуащIу къызэрекIуэкIыр къэплъытэмэ, ар гурыIуэгъуэ мэхъу. Нобэ ди республикэм и шыгъэжапIэ нэхъыщхьэм щызэрихьэлIэнущ Урысейм и шы нэхъыфIхэмрэ къэралым и шууей нэхъ Iэзэхэмрэ. Зэпеуэм хэтынухэм ехъулIэныгъэ фиIэну, абы еплъынухэм гукъыдэж вгъуэтыну сынывохъуэхъу!»

Япэу щIызэпеуар «Iуащхьэмахуэ и кубок» саугъэтырщ. Метр 2400-м къыщызэдагъэжахэм я деж бжьыпэр щиубыдащ «Налшык хьэлвэ завод» ОАО-м и хуарэ, США-м къыщалъхуа Джулат. Мастер-гъэсакIуэр Балъкъэр Хьэсэнщ, шууейр Алыбэрды Анзорщ. Сом мин 400 хъу саугъэтымрэ кубокымрэ абыхэм яритащ «Урысейм и ипподромхэр» ОАО-м и унафэщI Исаков Николай.

КъБР-м и Iэтащхьэм и фондым и саугъэт, сом мин 400 хъур, къэхьэхунымкIэ зэпеуар илъэсищ зи ныбжь, абы щIигъуа шы лъэпкъ къабзэхэращ. Метр 2000-р псом нэхърэ нэхъ псынщIэу къиижри, бжьыпэр иубыдащ США-м къыщалъхуа, килограмм 60 зи хьэлъагъ Дарк Голд шыгъажэшым. Ар зейр Ингушым щыщ Ганижев Залымхъанщ. Мастер-гъэсакIуэр Шыд Лолэщ, къэзыгъэжар Мамуров Мирбэчщ.

Сом мини 100 хъу, «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и кубок» саугъэтыр къэхьыным щызэпрагъэуащ Урысейм къыщалъхуа, илъэсищ зи ныбжь хуарэхэр. Удихьэхыу икIи зэщIэплъауэ километри 2-рэ метр 800-р къэзыжахэм ятекIуащ Матрикс Коуд шыгъажэшыр. Ар зейр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ЦIыпIынэ Аслъэнщ. Шыр зыгъэсар Бабаев Расулщ. Шууейр Алыбэрды Анзорщ.

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ ягъэува саугъэтым, сом мини 100 хъум, хущIэкъуахэр илъэсиплI зи ныбжь, абы щIигъуа шы лъэпкъ къабзэхэмкIэ метр 3200-рэ къэзыжахэрщ.

Налшык къалэм и саугъэтым, сом мини 100 хъум, хущIэкъуахэр илъэсиплI зи ныбжь хуарэхэмкIэ метр 1200-р къызэзынэкIахэрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и саугъэтыр, сом мини 100 хъур, къэхьыным щызэпеуар Урысейм къыщалъхуа, илъэситI зи ныбжь шы лъэпкъ къабзэхэращ. Ахэр метр 1600-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэм къыщызэдагъэжащ.

Сом мин 200 хъу, «Малкэ» шы заводым и ахъшэкIэ ягъэува саугъэтыр къэхьэхуным хущIэкъуар а заводым къыщалъхуа инджылыз-адыгэшхэращ. Ахэр щызэпрагъэуащ метр 1000 хъу гъуэгуанэм.

Зэхьэзэхуэр щызэпагъэухэм республикэм и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Хьэкъул Оксанэ, ХьэхъупащIэ Амырхъан сымэ, нэгъуэщIхэми ягъэзэщIа уэрэдхэмрэ макъамэ гуакIуэхэмкIэ шыгъэжапIэм къекIуэлIахэр трагъэуащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



Сурэтыр Мамий Руслан трихащ.



Сурэтыр Мамий Руслан трихащ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.167
Заказ №1480